

Sijè: Konsèy Jistis Anviwònmantal – An Pèsòn ak yon Reyinyon Opsyon Vityèl – 11 janvye 2024

Chè Entèvenan Jistis Anviwònmantal,

Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal la (EEA) ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònmantal la (EJC) pou pwochen reyinyon li nan dat **jedi 11 janvye 2024 a 7:00 pm**. Manm Konsèy yo pral diskite sou priyorite ak estrateji biwo EJ yo pandan reyinyon sa a. Genyen tou tan ki rezève pou kòmantè jeneral piblik la.

Tanpri enskri pou reyinyon an lè w sèvi avèk lyen sa a:

https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_7ZPi42UIScOAi2Yp5Hdhpw

Lojistik. Reyinyon ibrid sa a pral òganize alafwa vityèlman sou Zoom ak an pèsòn nan Mashpee, MA nan Sant Senior Mashpee. Nou estime reyinyon an ap dire 90 minit. Adrès la se 26 Frank Hicks Dr, Mashpee MA 02649, epi w ap itilize Cape Cod Regional Transit Authority bus route Sealine, Patriot LTD, oswa Bourne Run pou aksede a bilding nan. Arè otobis ki pi pre a se nan Bates Rd ak Mashpee Commons. Gen pakin disponib dèyè bilding lan.

Sipò Entèpretasyon. Nou pral bay entèpretasyon vityèl *an panyòl*, pòtigè, kreyòl ayisyen, kreyòl Kapvèdyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Nou pral bay entèpretasyon *an pèsòn an panyòl* ak pòtigè. Si w bezwen entèpretasyon vityèlman oswa an pèsòn nan yon lang ki pa endike pi wo a, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri voye demann sa a nan yon imèl pou meetings@erg.com. Demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan lè kòmansman reyinyon an.

Konsèy EJ a fonksyone dapre Lwa pou Reyinyon Piblik [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi li akeyi manm piblik ki vle obsève reyinyon fòmèl li yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka adrese yon kòmantè oswa yon kesyon bay Konsèy EJ a avèk pèmisyon Prezidan an. Si w bezwen entèpretasyon nan yon lang ki pa endike anwo a, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri mete demann sa a nan yon imèl bay meetings@erg.com. Demann yo dwe soumèt 48 èdtan anvan lè reyinyon yo kòmanse.

PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN KONSÈY EJ A:

Gouvènè a te nonmen EJC pou konseye ak bay Sekretè EEA rekòmandasyon sou politik ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Prensip sa yo defini nan lwa eta a kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv ak jwi yon anviwònman pwòp e ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans nan lang anglè, ki gen ladann: (i) patisipasyon siyifikatif tout moun ki gen rapò ak devlopman, aplikasyon ak ranfòsman lwa, règleman ak politik anviwònman, ki gen ladan politik chanjman klimatik; epi (ii) distribisyon ekitab enèji ak benefis anviwònman an ak difikilte onivo anviwònman." Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a:

[<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistreman reyinyon ki sot pase yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council> . Tanpri klike sou "Chwazi Lang" anlè sou bò wat paj wèb la pou tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power
Sou-Sekretè Jistis ak Ekite Anviwònmantal
Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal